ISSN:
2181-3906
2026

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 5 / ISSUE 5 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

# KÓRKEM TEKST KOMPONENTLERIN BAYLANISTIRIWDA PARCELLYACIYALIQ KONSTRUKCIYALAR

**Tólegenova Munira**
G.Dosjanova Qaraqalpaq mámleketlik universiteti docenti
Lingvistika «Qaraqalpaq tili» qánigeligi magistrantı.

https://doi.org/10.5281/zenodo.20456740

***Annotaciya***. *Bul maqalada til biliminde kórkem tekst quramın baylanıstırıwshı birlikler esaplanǵan parcellyaciyalıq konstrukciyalardıń qollanılıwı sóz etiledi. Parcellyaciyalardıń qollanılıw ózgesheligi tekst quramında mısallar menen kórsetilgen. Olardıń mánisi, ózgeshelikleri ilimiy tiykarda ashıp berilgen.*

***Tayanısh sózler***: *Tekst, tekst komponentleri, tekst lingvistikası, tekst birlikleri, parcelyaciya, parcelyaciyalıq konstrukciyalar.*

Tekst komponentlerin baylanıstırıwda parcellyaciyalıq konstrukciyalardıń da xızmeti ayırıqsha esaplanadı. Bul boyınsha ózbek tilshisi Asadov[1]: " Kórkem tekstte parcellyaciyalıq konstrukciyalar tekst komponentlerin ekspressiv-estetikalıq maqsetine baylanıslı qayta tártiplew arqalı júzege shıgadı. Parcellyat fransuzsha parceller sózinen alınǵan bolıp, bóleklew, bólimler sıyaqlı maydalaw mánisin ańlatadı.

Tekstti bóleklerge bólip ańlatıwda da belgili bir maqset názerde tutıladı.

Anıqlamalarda bunday konstrukciyalar da tekst birliklerin baylanıstırıwda qatnasatuǵını aytıladı"- dep pikir bildirgen.

Awızeki sóylewde, ádette, tekstke qandayda bir sóylesiw procesinde úzilis yaǵnıy pauza payda boladı. Sóylewshi tıńlawshıǵa bir waqıya haqqında xabar bergende, sol xabar ishindegi eń kerekli pikir basqalardan ajıratılıp, óz aldına tastıyqlap, ayırıqsha aytıwǵa háreket etedi. Bul ózgeshe pauza menen aytılǵan sóz yamasa pikir tekstke óz aldına ekspressivlik máni júkleydi.

Máselen, Erkinlik hám ádalat ushın gúresiw kerek yamasa Gúresiw kerek. Erkinlik ushın.

Ádalat ushın. Bul mısaldaǵı birinshi gáp ádettegi jay gáp esaplanadı. Ekinshi gáp ese parcellyativli dúzilis esaplanadı.

Til iliminde bul termin gáptiń ekpressivlik maqset penen bólekleniwi, yaǵnıy gáptiń atap ótiliwi názerde tutılǵan belgili bir bóleginiń gáptiń sırtına shıǵarılıwına qaray qollanıladı. Mısalı: Bizler keshki awqattı jańa jep bolǵan edik. Marat keldi. Kirer esiktegi gúrsige sıpayı ǵana otırdı.

Únsiz. (T.Qayıpbergenov). Bul gáp sintaksislik norma boyınsha: Bizler keshki awqattı jańa jep bolǵan waqtımızda Marat keldi. Kirer esiktegi gúrsige sıpayı ǵana únsiz otırdı bolıwı kerek.

Ayırım jaǵdaylarda jazıwshınıń ekspressivligin, logika - poetikalıq atawın jáne de kúsheytiw maqseti menen tiykarǵı gápten parcellyat sıpatında sırtqa shıǵarılatuǵın bólek yamasa gáp tiykarǵı gápte da saqlanadı, sırtqa shıǵarılǵan bólek yamasa gáp óz aldına kommunikativlik birlik yaǵnıy parcellyat sıpatında tákirarlanadı. Mısalı, Men oqıyman. Universitette. Tashkentte.

---

[1] Asadov T. H. Matn tilshunosligi. Buxoro, 2003. 28-b.

Bul gápte kórip turǵanımızday, parcellyativ konstrukciyalar tiykarǵı gápten teksttiń ekspressivligin arttırıw maqsetinde sırtqa bólinip shıqqan hám de óz aldına sintaksislik xızmettı atqarıp kelgen.

Hámme uyqıda. Tek men buzıp tún ishin,
Sıy sazlayman kiyatırǵan kún ushın (K. Raxmanov).
Seni shıntlap súydim! ... Isheyin be ant?!
Janım, ayaw kerek adam balasın (K. Raxmanov).
Báhar ótti. Jaz da óter,
Óte berer bári de (K. Raxmanov).

Bul qosıq qatarların baylanıstırıwda parcellyaciyalıq konstrukciyalar qollanılıp gápke kúsheytiwshilik máni júklep, tekstke ele de emocional-ekspressivlik máni arttırıp kelgen.

Sintaksislik xızmettegi parcellyatlar bólek tákirarlanǵanda, ol menen baylanıslı mánini kúsheytiw hám tiykarǵı dıqqat - itibardı sol sózge qaratıw maqset etip alınǵan boladı.

- Keshe, ana, tuwısqan bolmay, iláya tuwa shókkir Qutlımurat gereń xan qonaqların kútissin, dep sorap qızımdı alıp ketip edi. Sonnan yarım aqsham waqıtta!... Aytıwga tilim barmay otır, shıraqlarım, hámmeńiz de ul-qız ósirip otırsız, iláyim, heshqaysısınıń basına qudayım bunday kúndi salmaǵay! Shırqırap shıqqan dawıstı, tas gereń bolgır qulaqlarım esitti.

Juwırıp sırtqa shıqtım. Qarasam, hámme esitken, lekin Gereńniń awılına birewi izep baspaydı. Adım atıwga qorqadı... Sonnan ókpemdi qolıma alıp, juwırdım kelip, juwırdım kelip.

Garrılıǵı qurısın, jetemen degenshe mıń jıǵılıp, mıń turǵan shıǵarman. Túnniń ishi. Sonnan jaqınlasam, birewler aldımdı tostı. Bir nárselerdi ayttı. Meniń ańıma sol waqıtları gáp kiretuǵınba edi! Tek bolganı qızımnıń dawısı ele shırqırap shıgıp atırgan tárepke qalay umtıla berip edim.

Birewi berip jiberdi! Birewleri tepti. Qullası, esimnen tanıp qalıppan!... Bul mısalda kórip turǵanımızday, gáplerdi parcellyaciyalıq konstrukciyalar baylanıstırıp kelip, tekstke ele de kúsheytiwshilik máni júklegen hám de qaharman bir túnniń ishinde bolǵan waqıyanı bayan etiw arqalı óziniń basınan keshirgenlerin súwretlep bergen.

-Hámmemiz! - dedi Jaraqpan salmaqlı. -Hámmemiz. Berdaqjan. Hámmemiz sorlap qaldıq.

Eginlerdi suwıq urıp ketti! (A. Sadiqov).

Bul mısalda da gáptiń quramındagı parcellyaciyalıq konstrukciya baslawısh xızmetinde kelip, tiykarǵı gápten bóleklengen hám de gáplerdi bir-biri menen baylanıstırıp, tekstke kúshli emocionallıq máni júklegen. Bul jerde baslawısh xızmetinde hámmemiz sózi parcellyat sıpatında sırtqa shıgarılgan.

Parcelyaciyalıq konstrukciyalarǵa, ádette, belgili bir bólekti ayrıqsha atap kórsetiw zárúrligi menen múrájat islenedi. Geyde parcellyattıń ózi áyne mútájlikti qanaatlandıra almay qalıwı da múmkin. Sonday jaǵdaylarda parcellyat quramında pát mánisin jáne de kúsheytetuǵın hár qıylı birlikler qollanıladı.

Til bilimine tiyisli ádebiyatlarda pikirdiń áhmiyetli elementlerin gáp aqırına shıǵarıw sóz poziciyaları háreketsheń bolgan sóylew stiline tán bolǵan jaǵday ekenligi, onıń kórkem shıǵarmaǵa kirgiziliwi bolsa jazıwshınıń maqseti menen baylanıslı qubılıs bolıp esaplanadı.

Jazıwshılar kórkem tekstte bunday konstrukciyalarǵa qaratıw arqalı, atap ótiwdi qálegen belgili bir sózdi yamasa gáp ishindegi konstituent pikirdi bildiriwshi bólekti óz aldına gáp

sıpatında beriw hám awızeki sóylew sózi intonaciyaların anıq sáwlelendiriw imkaniyatına iye boladı[2]. Mısalı, Bul dúnyada pitpeytuǵın is bar ma... Sóylestim. Háreket baslanǵan. Kútip tur...

Biraq jigirma bes procenti olardıkı. - Qolıńızdan kelsin, - dedi ekewi de qolın siltep.

Isomiddin. - Úshewi de bir millionǵa shamalas turadı. Men úsh júz mıń beremen. Aldın ala (A.Yuldash, "Bir tún hám bir ómir" kitabı). Bul mısalda parcellyativ konstrukciyalar dialog quramında kelip, gáplerdi bir-biri menen baylanıstırıwda xızmet kórsetken.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Asadov T.H. Matn tilshunosligi. Buxoro, 2023.
2. Қайыпбергенов. Т. Бахытсызлар.  Нөкис, «Қарақалпақстан», 2019.
3. Қайыпбергенов. Т. Қарақалпақнама. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1985.
4. Рахманов. К. Уатан мухаббаты менен. Нөкис, «Қарақалпақстан»,1984.
5. Satbaev. A. Tún mozaikası, 2022.
6. Ҳайдаров Ш.М. Бадиий матнда парцеллятив конструкцияларнинг қўлланилиши. – Тошкент: “Методист нашрийоти”, 2023.
7. Yuldash. A. Bir tun va bir umr. Yangi asr avlodi, 2007.

[2] Хайдаров. Ш. М. Бадий маңда парцеллятив конструкцияларнинг қулланилиши. Тошкент , "Metodist Nashriyoti", 2023. 111-b.